**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена использованию интерактивных методов на занятиях по иностранному языку. В статье определена задача преподавателя в формировании умений применять определённую стратегию, тактику и методы на отдельных этапах творческой деятельности. В качестве примеров автор приводит высказывания различных учёных и мыслителей. В статье особо выделяется заранее запланированное преподавателем занятие.

**SUMMARY.** The article deals with the use of interactive methods at the foreign lessons. The author determines the foreign lessons. The author determines the teacher's task in formation of habits to use certain strategy, tactics and methods at different stages of creative activity. The author gives the quotations of different scholars.

# TÁLIM BASQA TILLERDE ALÍP BARÍLATUǴÍN KLASLARDA ÁDEBIY MATERIALLARDÍ OQÍTÍW METODIKASÍNÍŃ IZERTLENIWI

**G.A.Mambetova –** *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: davlat tili, davlat tili tarkibidagi adabiy materiallar, adabiyot o'qitish metodikasi, obyekti, predmeti, tadqiqot ishlar.

**Ключевые слова**: государственный язык, художественные материалы по предмету государственного языка, методика преподавания литературы, обьект, предмет, научно-исследовательские работы.

**Key words**: state language, art materials on the subject of the state language, methods of teaching literature, object, subject, research work.

Ádebiyat oqıtıw metodikasınıń izertleniw tariyxı haqqında sóz juriter ekenbiz, daslep bul pánnin pán sıpatındaǵı ornı, obyekti,predmeti, maqseti hám wazıypaları jóninde toqtalıp ótiw orınlı. Búgingi ilim texnikanıń jedellik penen rawajlanıw zamanında, insanlardıń ásirese jas awladtıń júreginde jaqsılıq hám jamanlıq, qıyanet hám sadıqlıq, aq penen qara, menmenlik hám saqıylıq, bir-birewge mehir-múriwbet, ata-anaǵa, tuwǵan-tuwısqanǵa muxabbat, watanga muxabbat ideyaların sińdiriwde ádebiyattıń tutqan ornı júdá ayrıqsha bolıp esaplanadı. Ádebiyattanıw óz aldına pán sıpatında ádebiyat tarıyxı, ádebiyat teoriyası, ádebiy sın máseleleri menen shuǵıllansa, pedagogika bala tárbiyası máselelesleri menen shuǵıllanatuǵını málim. Degen menen bul eki pán de úzliksiz tálim beriw barısında ádebiyattan neni hám qalay oqıtılıw kerek ekenligin sheship bere almaydı [1:7]. Solay eken, ádebiyat oqıtıw metodikası páni ádebiyat sabaqlıǵında berilgen materiallardı oqıtıwshınıń oqıwshıǵa qalay jetkerip beriw, oqıtıw, tusındiriw, obrazlardıń ashılmaǵan qırların oqıwshınıń ózi asha alıw qábıletin tárbiyalaw, ádebiyattıń kózge kórinbes názik sırların oqıwshını taba alıwǵa úyretiwshi áhmiyetli pán.

Ádebiyat oqıtıw metodikası pedagogikalıq pánler sistemasına kiretuǵın bolsa da, ilimniń óz aldına túri bolıwı ushın qoyılatuǵın ush talaptıń bárshesine juwap beredi. Birinshiden, ádebiyat oqıtıw metodikası úyrenetuǵın taraw ilimdegi birde-bir oqıw páni tárepinen úyrenilmeydi. Ekinshiden usı pán isleytuǵın taraw, yaǵnıy ádebiyat sabaqlarında kórkem shıǵarmalar úyretiliwiniń optimal hám nátiyjeli jolların izertlew, ádebiy tálimniń teoriyalıq negizlerin islep shıǵıw úlken sociallıq áhmiyetke iye. Úshinshiden, ádebiyat oqıtıw metodikası páni ózine tan ilim izertlew metodlarına iye [1:11].

Demek, ádebiyattı oqıtıw metodikası páni óziniń obyekti, predmeti, maqset hám wazıypaları, ilim izertlew metodlarına iye. Ádebiyattı oqıtıw metodikası páninin obyekti sıpatında, albette, bilimlendiriw tarawindaǵı, uzliksiz tálim processindegi ádebiyat sabaqların alıwımızǵa boladı, al predmeti sıpatında usı tálim barısında ádebiyattı oqıtıwdaǵı alıp barılatuǵın metodlar, kórsetpeli qurallar ádebiyattı oqıtıwdıń nızamlıqları hám en tiykarǵısı sabaq ótiw barısında, kórkem shıǵarmanı úyreniw processinde oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı múnasibetlerdi kórsetiwimiz orınlı. Ádebiyattı oqıtıw metodikası pániniń wazıypaları sıpatında eń daslep ádebiyattıń basqa pánlerden ayırmashılıǵı, ádebiyattı oqıtatuǵın qánigelerimizde ádebiy tálim beriwde qollanılatuǵın eń nátiyjeli metodlardı paydalanıw kónlikpelerin qalıplestiriw hám rawajlandırıw, ádebiy tálimde búgingi rawajlanıw procesine say tárizde optimal hám novatorlıq penen jantasıw jolların qálıplestiriw, ádebiyat sabaqlarında tálim beriwshi hám úyreniwshi ortasındaǵı múnásibettegi ózine tan ózgesheliklerdi úyretiw máselelerin belgilewimizge boladı.

Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń mazmunı sıpatında bilim beriw túrleri, oqıtıw metodları, sabaq formaları hám olardın ózine tán ózgeshelikleri kórkem shıǵarmalardıń túrleri hám olardıń teoriyalıq hám ámeliy túsınikleri, kórkem shıǵarmanıń didaktikalıq áhmiyeti, kórkem shıǵarmanı tallaw, kórkem tekst penen islew procesinde oqıtıwshı hám oqıwshınıń iskerligin, wazıypaların durıs shólkemlestiriw jolların óz ishine qamtıydı.

Biz maqalamızda sóz etpekshi bolıp otırǵan tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń metodikasın úyreniw barısında ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha rus, ózbek, tatar, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha izertlengen metodistlerdiń ilimiy miynetleri menen tanısıp shıqtıq. Rus ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń izertleniwinde Bogdanova O.Yu Leonova S.A, Golubkov V.V, Chertova V.F, Stepanov G.V, Rıbnikova M.A h.t.basqalardıń ornı girewli.

Rus ádebiyatı metodistleriniń biri V.V.Golubkovtıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası"[2] miynetinde ádebiy bilim beriwdiń ulıwma didaktikalıq usılların, oqıtıwdıń teoriyalıq tiykarların anıqlap, klassikalıq shıǵarmalardı oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıw máselelerin tereń izertlep, bul miynet sabaqlıq sıpatında pedagog alımlardıń, metodistlerdiń, mektep oqıtıwshılarınıń basshılıqqa alatuǵın metod qollanbası sıpatında óz ornına iye.

Bogdanov O.Yu, Leonov S.A, Chertov V.F "Ádebiyattı oqıtıw metodikası teoriyasi"[3] miynetinde zamanagóy metodika iliminiń teoriyalıq máseleleri, mekteplerde ádebiyattı oqıtıw basqıshları, kórkem shıǵarmanı túsiniw hám talqılawdıń óz-ara baylanısı, ádebiyatta klastan tıs shıǵarmalar h.t.b bir neshe bólimlerge bólip úyrenilip, atı atalǵan ilimiy-teoriyalıq jaqtan tiykarlap berilgen.

Ózbek ádebiyattanıwında metodikanıń rawajlanıwına óziniń úlesin qosqan alımlardıń biri Qazaqbay Yuldoshev "Ádebiyattı oqıtıwdıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları"[4] miynetinde ádebiyattı oqıtıw sistemasın túpten jańalaw, ádebiyattı oqıtıwda oqıwshılarǵa tayar túsinikler beriwdiń ornına, kórkem tekst tiykarında oqıwshılardıń kózqaraslarını rawajlandırıw, estetikalıq talǵamdı payda etiw eń tiykarǵı másele ekenligi dáliyllenedi. Ol ádebiyattı oqıtıwda ádebiy bilim beriwdiń tiykarǵı máselelerine jańasha jantasıw úlgisin kórsetip, "…jańa sociallıq ańlaw talapları dárejesinde shólkemlestiriwdiń principlerin belgilew pedagogika teoriyası ushın da, ádebiyat oqıtıw metodikası ushın da, tárbiya ámeliyatı ushın da keshiktirip bolmaytuǵın zárúrlik"[4] ekenligin ayrıqsha qaytalap ótiwi ádebiyat oqıtıwdı jańalawdıń zárúrli máselelerin kózde tutadı. Miynette usı sıyaqlı máseleler teoriyalıq hám ilimiy-metodikalıq jaqtan izertleniw menen birge, oqıtıwshılar ushın paydalı bolǵan shıǵarmalarǵa tallawlar keltiriledi.

Belgili alım B.Tuxlievtıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası"[5] miyneti pedagogika universitetleri hám institutlarınıń filiologiya qánigeligi studentleri ushın arnalǵan bolıp, onda ádebiyattı oqıtıwdıń eń áhmiyetli máseleleri, sonıń ishinde kórkem shıǵarmanı tallaw, kórkem shıǵarmalardı janrlıq ózgesheligine qarap úyreniw,

kórkem shıǵarmanıń tilin úyreniw, jazıwshı ómirbayanın, ádebiy-teoriyalıq túsiniklerdi, sonday-aq ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń jazba hám awızeki mádeniyatın rawajlandırıw sıyaqlı máseleler búgingi kún kózqarasınan sáwlelendirip berilgen. Alım bunnan basqa da tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslar ushın jazılǵan sabaqlıqlarǵa avtorlıq etedi. Qırǵızstan Respublikası ulıwma bilim beriw mekteepleriniń 9-klası ushın "Ózbek ádebiyatı" (sheriklikte) sabaqlıq jamlenbesi, joqarı oqıw orınlarınıń qaraqalpaq toparı studentleri ushın "Ózbek tili" (basqa avtorlar menen birge) oqıw qollanbaları baspadan shıqqan.

Q.Husanboeva hám R.Niyozmetovanıń avtorlıǵındaǵı "Ádebiyat oqıtıw metodikası"[1] oqıw qollanbası ámeldegi oqıw baǵdarlamasına tiykarlanıp jaratılǵan bolıp, miynette ádebiyat sabaqlarında pánleraralıq integraciyadan paydalanıw, oqıtıwshılar kompetentligin qáliplestiriwde ádebiyat oqıtıw metodikası pániniń tutatuǵın ornı, ádebiyat oqıtıw metodikasınıń tiykarǵı principleri, oqıwshınıń ruwxıy jetikligin támiyinlewde mashqalalı tálimniń ornı, Blum taksonomiyası hám ádebiy tálim, ádebiyat oqıtıw metodikası páninde motivaciya, sabaqta oqıwshılardı shıǵarma qaharmanların bahalawǵa úyretiw, ádebiy tálimde erkin pikirlewdiń áhmiyeti, modulli tálim texnologiyası ózgeshelikleri hám ádebiyattı oqıtıwda onnan paydalanıw, ádebiyat páninen beriletuǵın úy tapsırmaları, ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń óz betinshe jumısların shólkemlestiriw jolları, ádebiyattı oqıtıwda shıǵarma jumıslarınıń ornı hám onı shólkemlestiriw jolları sıyaqlı máseleler teoriyalıq hám ámeliy jaqtan izertlengen.

Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda mámleketlik til quramında oqıtılatuǵın ádebiy materiallardı oqıtıwdıń metodikasın izertlewlerge arnalǵan miynetlerde ádebiyattı oqıtıw metodiaksınan parqlı ráwishte eki tilles toparlarda ádebiyattı oqıtıwdıń ózine tán ózgeshelikleri ilimiy-teoriyalıq jaqtan analizlengen.

Rus ádebiyatın tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın ortalıqta oqıtıw metodikası boyınsha M.V.Cherkezovanıń "Проблема преподавания русской литературы в инокультурной среде: методическое пособие" [6] atlı miyneti usı temada izertlengen eń bahalı miynetlerdiń biri bolıp esaplanadı. Bul metodikalıq qollanbada rus ádebiyatın tálim mámleketlik emes tillerde oqıtılatuǵın ortalıqta oqıtıwdıń metodologiyalıq tiykarları, rus ádebiyatın rus bolmaǵan oqıwshılarǵa úyretiwdiń ózine tán ózgeshelikleri teoriyalıq hám ámeliy jaqtan izertlenedi.

L.B.Xvannıń " Проблемы преподавния русской литературы в каракалпакском школе"[7] miynetinde qaraqalpaq mekteplerinde rus ádebiyatın úyreniw jolları, epikalıq, lirikalıq, dramalıq shıǵarmalardı oqıtıw metodikası qaraqalpaq mektepleriniń IV-VIII klaslarında klastan tıs sabaqlardı ótkeriw hám shólkemlestiriw metodikası, qaraqalpaq mekteplerinde klass hám klasstan tıs jumıslardı shólkemlestiriw boyınsha mektep oqıtıwshılarınıń aldıńǵı is tájiriybeleri mısalında izertleydi.

Usı kúnge shekem tálim rus tilinde alıp barılatuǵın mekteplerde ózbek tilin oqıtıw máseleleri boyınsha metodist alımlar X.Asalov, R.Yuldashev, S.Nazarova, G.Ahrorova, D.Toshxujaeva kandidatlıq dissertaciyalar jaqlaǵan.

Mámleketlik til haqqındaǵı nızam qabıl qılınǵannan keyin 1990-1993-jıllarda tálim rus tilinde alıp barılatuǵın mekteplerde ózbek tili páni birinshi ret ózbek tili hám ádebiyatı dep atalıp, baǵdarlamalar islep shıǵıldı. Sonnan baslap rus oqıwshılarına ózbek ádebiyatın oqıtıw máseleleri boyınsha ilimiy izertlewlerge qol urıldı. Birinshilerden bolıp Q.Husanboeva usı tarawǵa qol urıp, 1997-jılı "Ózbek ádebiyatın tálim mámleketlik tilden mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde oqıtıwdıń ilimiy-metodikalıq tiykarları"[8] degen temada kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı hám tálim mámleketlik tilden mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde (rus, qazaq, túrkmen, tájik) ózbek ádebiyatın oqıtıw boyınsha jańa jónelistegi izlenislerdi baslap berdi. Bul miynette ózbek ádebiyatınıń ne ushın oqıtılıwı kerekligi, máseleniń pedagogikalıq aspektleri, ilimiy-pedagogikalıq, didaktikalıq tiykarları (oqıw rejesi, baǵdarlaması, sabaqlıqlar, metodikalıq qollanbalarǵa, oqıtıwshılarǵa qoyılatuǵın talaplar) sáwlelendirildi, ádebiyat oqıtıwdıń mazmunı tiykarınan ózbek klassik ádebiyatı mısalında bir tárepleme kórip shıǵıldı.

Bunnan soń R.Niyozmetova "Tálim rus tilinde alıp barılatuǵın mekteplerde XX ásir ózbek ádebiyatın oqıtıw mazmunın belgilewdiń teoriyalıq metodologiyalıq tiykarları" [9] degen temada kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı. Dissertaciyada tálim rus tilinde alıp barılatuǵın mekteplerde ózbek ádebiyatınıń qalay oqıtılıp atırǵanı menen baylanıslı jaǵdaylardı úyreniw, analizlew, juwmaqlar shıǵarıw, ózbek ádebiyatın oqıtıw mazmunına ulıwma pedagogikalıq, metodikalıq principler kózqarasınan baha beriw, XX ásir ózbek ádebiyatı boyınsha shıǵarmalar tańlawdıń ilimiy, teoriyalıq, metodikalıq tiykarların anıqlaw hám usı negizlerge tayanǵan halda shıǵarmalar tańlaw, ádebiy-tarıyxıy dáwir sholıwların úyreniw ólshemlerin belgilew, ádebiy-teoriyalıq túsiniklerdi tálim mazmunına kirgiziw-kirgizbew máselelerin sheshiw, jazıwshı ómirbayanınıń mazmunı, kólemi hám shegaralarınıń qanday bolıwı kerekligi haqqındaǵı aktual máselelerdi sóz etedi.

Sonday-aq, sońǵı dáwirlerde izertlengen áyne biziń temamızǵa sáykes keletuǵın bir neshe dissertaciya jumısları menen oqıp tanıstıq. Bulardan I.B.Nimaeva, E.X.Gafiyatulina, T.O.Skirgaylo, A.G.Abduxalikovna, S.D.Pristupina M.V.Cherkezova sıyaqlı izertlewshiler ádebiyattı tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde oqıtıw ózgesheliklerin, oqıtıw usılların hám metodların óz miynetlerinde tereńnen izertlep ótedi.

Qaraqalpaq ádebiyatı metodikasınıń izertleniwinde bir neshe alımlarımızdı atap ótiw orınlı. S.Axmetov, Á.Paxratdinov, K.Allambergenov, Q.Orazımbetov, K.Palımbetov, Q.Yusupov, J.Pirniyazov hám taǵı basqa bir qansha metodist alımlar qaraqalpaq ádebiyatı metodikası boyınsha sabaqlıq hám qollanbalar járiyalap, metodika tarawınıń rawajlanıwına ózleriniń salmaqlı úleslerin qostı. Mısalı, Á.Paxratdinov tárepinen "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (2004), Q.Yusupovtıń "Sh.Seyitovtıń prozasın tallaw usılları" (2017) "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (2018), "Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq ádebiyatın sabaqtan tıs jumıslar arqalı úyreniwdiń ilimiy metodikalıq máseleleri" (2018), I.Ótewliev, Q.Yusupovlardıń "5-11-klaslar ushın qaraqalpaq tili hám ádebiyatı boyınsha test jumısları" (1994), S.Axmetov, I.Qadirov, Q.Yusupov "Bayanlar toplamı"(1995), J.Pirniyazovtıń "5-klass ushın ádebiy oqıw kitabına metodikalıq qollanba" (2003), I.Pirniyazov, K.Palımbetov hám R.Berdimuratovalardıń "8-klass ushın ádebiyattı oqıtıw metodikası" (2009), K.Palımbetov, Pirniyazov I, Berdimuratov R "Ádebiyattı oqıtıw metodikası" (2009), A.Tobanazarovtıń "Kásip-óner kolledjlerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń bazıbir máseleleri" (2015), J.Sagidullaeva, J.Qaniyazovalardıń "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar" (2016), A.Dosımbetovanıń "Ádebiyatta kórkemlew quralları" (2017) Q.Yusupov hám I.Mambetovlardıń "K.Mambetovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları" (2017) sıyaqlı miynetlerde qaraqalpaq ádebiyatın úyretiw metodikasınıń eń zárúrli, tiykarǵı máseleleri izertlenip, óz shehsimin tapqan.

Sońǵı shıqqan miynetlerdiń biri Q.Yusupovtıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası"[10] miynetinde metodikanıń ulıwma tiykarları hám principleri, ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar, ádebiyat sabaqlarında interaktiv metodlardan

paydalanıwdıń abzallıqları, ádebiy janrlardı úyreniw, klastan tısqarı alıp barılatuǵın jumıslardıń mazmunı hám túrleri, qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyatlardı shólkemlestiriw usaǵan metodikalıq máseleler teoriyalıq hám ámeliy jaqtan analizlenip óz sheshimin tapqan.

Juwmaqlap sonı aytıwımız múmkin, ádebiyattı oqıtıw metodikası pániniń rawajlanıwına alımlar ózleriniń nátiyjeli miynetleri menen úles qosıp kelmekte, tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın ortalıqlarda ádebiyattı oqıtıw metodikası sonıń ishinde qaraqalpaq ádebiyatı materialların oqıtıw metodikası ele izertlenbegen ele de izertlewdi talap etetuǵın aktual temalardıń biri bolıp tabıladı.

**Adebiyatlar**


1. Husanboyeva Q., Niyozmetova R. Adabiyot o’qitish metodikasi. -T.:2018. 7-b.
2. Голубков В.В. Методика преподавания литературы. -М.: «Учпедгиз», 1962. –С. 464.
3. Богданов О.Ю, Леонов С.А, Чертов В.Ф. Теория методика обучения литературе. 5-ое изд. –М.: «Академия», 2008.
4. Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1996.
5. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Тошкент: «Янги аср авлоди», 2010.
6. Черкезова М.В. Проблемы преподавания русской литературы в инокультурной среде: методическое пособие.-М.:и «Дрофа», 2007.
7. Хван Л.Б. Проблемы преподавания русской литературы в каркалпакской школе. – Н.: «Каракалпакстан», 1988.
8. Хусанбоева К.П. Узбек адабиётини таълим давлат тилидан бошқа тилларда олиб бориладиган мактабларда ўқитишнинг илмий-методик асослари. Номзодлик диссертацияси. -Т.: 1997, 143-b.
9. Ниёзметова Р.Х. Таълим рус тилида олиб бориладиган мактабларда XX аср ўзбек адабиётини ўқитиш мазмунини белгилашнинг назарий-методик асослари / Ўзбек тили дарслари таркибида. Номзодлик дисс автореф. – Т.: 2000.
10. Yusupov K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. -T.: «Sano-standart», 2018.



**REZYUME.** Maqolada adabiyot o’qitish metodikasi fanining predmeti, obyekti, adabiyot o’qitish metodikasi fanining o’rganilish tarixi, ta’lim boshqa tillarda olib boriladigan guruhlarda adabiy materiallarni o’qitish metodikasi mavzusining o’rganilishi haqida tahlil qilindi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье проанализированы предмет, объект методики преподавания литературоведения, история изучения методики преподавания литературоведения, изучение предмета методики преподавания литературных материалов в группах, где обучение ведется на других языках.

**SUMMARY.** The article analyzes the subject, the object of the methodology of teaching literary criticism, the history of studying the methodology of teaching literary criticism, the study of the subject of the methodology of teaching literary materials in groups where teaching is conducted in other languages.


## FIZIKA O‘QITISHDA TALABALARNING IJODIY QOBILIYATLARINI RIVOJLANTIRISH


**N.S.Matjanov** – *pedagogika fanlari doktori (DSc), dotsent*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** ijod, talaba, o‘qituvchi, faoliyat, kompetentlik, mustaqil ta’lim, keys-stadi, muammoli ta’lim, fizika, o‘qitish jarayoni.

**Ключевые слова:** творчество, студент, преподаватель, деятельность, компетентность, самостоятельное обучение, кейс-стади, проблемное обучение, физика, учебный процесс.

**Key words:** creativity, student, teacher, activity, competence, self-study, case study, problem-based learning, physics, educational process.


Demokratik va huquqiy davlat rivojlanishining turli bosqichlarida butun jamiyat a’zolari, ayniqsa, har bir shaxsga yangi ijtimoiy majburiyatlar yuklaydi. Bu majburiyatlardan biri inson faoliyatining barcha yo‘nalishlarida, chunonchi, ta’lim sohasida ham sifatli bilim berish va olish darajasini ko‘tarishdan iborat. Aynan ta’lim yo‘nalishi shaxsning ijtimoiy muhitga moslashish, uning jamiyat uchun samarali ijodiy ishlashi va uyg‘un yashash muammolarini hal etadi. Hozirgi zamon pedagogikasiga oid fanlari o‘z oldiga vazifa sifatida kompetentli, bilimdon, intellektual salohiyati yuqori, raqobatbardosh va har tomonlama qobiliyatli mutaxassislarni tarbiyalashni qo‘yadi. Shu yo‘sinda tarbiyalangan shaxs esa, bugungi sharoitda raqobatbardosh mutaxassis bo‘lib yetishadi, uning uchun raqobatbardoshlikni o‘rta, professional va oliy ta’limdan boshlab shakllantirish va tarbiyalab rivojlantirish maqsadga muvofiqdir.

Mamlakatimizda ta’lim tizimini yangi sifat bosqichiga olib chiqishdagi islohotlar talabalarning fizika fani asoslari bo‘yicha nazariy bilimlarni o‘zlashtirishga ehtiyojini, asosiy milliy va umummilliy qadriyatlarga asoslangan ma’naviy-axloqiy fazilatlarni, mehnat ko‘nikmalarini, ijodiy fikrlash va atrof-muhitga ongli munosabatini shakllantirishga zarur shart-sharoitlarni yaratib, talabalar ijodiy faoliyatini tashkil etishning samarali pedagogik yondashuvlarini takomillashtirish zaruratini yuzaga keltirmoqda.

Oliy ta’lim tizimida talabalarning ijodiy qobiliyatini rivojlantirish A.Abduqodirov, U.Begimqulov, R.Djuraev, R.Isyanov, O‘.Tolipov, Sh.Sharipov, R.Safarova va boshqalar tomonidan tadqiq etilgan. Uzluksiz ta’lim tizimida fizika fanini o‘qitishda innovatsion texnologiyalardan foydalanishga doir masalalar bilan M.Djoraev, B.Mirzaahmedov, Yu.Mahmudov, G.Karlibaeva, K.Tursunmetov, J.O‘sarov, S.Qahharov, M.Qurbonov va boshqalar tomonidan tadqiq etilgan.

Ijod – insonning moddiy, intellektual va ma’naviy-ma’rifiy ne’matlarni yaratishga yo‘naltirilgan faoliyatdir. Unda inson tafakkuri, intellekti, xotirasi, tasavvuri, iqtidori, diqqati, irodasi faol ishtirok etadi, butun nazariy bilimi, hayot tajribasi, iste’dodi namoyon bo‘ladi.

Ijod dastlab inson tasavvurida tug‘iladi, keyin ijodga taalluqli yechilishi zarur masalalar yuzasidan izlanishlar olib boriladi, boshqalar bajargan ishlar tanqidiy nuqtayi nazardan o‘rganiladi, tahlil etiladi, kuzatishlar, tajribalar hisob-kitoblar o‘tkaziladi. Shundan so‘ng tajriba natijalariga asoslanib farazlar ilgari suriladi, mantiqiy xulosalar chiqariladi va bularning barchasi eksperimentda sinab ko‘riladi, mavhum qarashlar oydinlashtiriladi, ma’lumotlar yangilanadi va takomillashtiriladi [5:46].

O‘rganilgan tadqiqotlar natijasida ma’lum bo‘ldiki, ijodkorlikni shakllantirish shaxsning tafakkur qilishi, atrofida sodir bo‘layotgan voqea-hodisalarga ongli munosabat bildira olishi bilan bog‘liq holda ko‘rsatiladi. Kasbiy ijodkorlik bugungi globallashgan sharoitda shaxsni kamolga yetkazish, shaxsda bor bo‘lgan qobiliyat va iste’dodni yuzaga chiqarishda asosiy omildir. Ijod – inson psixik xususiyatlarining o‘ziga xos majmuasi bo‘lib, quyidagilarni o‘z ichiga oladi (1-rasm).